

## Diosèz of Palm Beach



### **PRIYÈ SIJERE POU PWOTEKSYON KONT TANPÈT AK MALADI**

**Bondye Papa nou, ou menm ki kreye syèl la ak tè'a, ou menm ki Bondye kreyasyon'an, nou kanpe devan'w tou piti, nou menm ki ou an, pou nou di'w mèsi pou tout renmen ak pwoteksyon ou ban nou. Nou mande ou pou ou pwoteje ou an sezon siklon k'ap vini'an ak maladi. Ban nou pwoteksyon ou kont tout sa ki vle fè nou pè, kont tout angwas e ban nou plis lafwa ak lesperans nan renmen ak mizerikod ou'a. Se ou menm sèl ki gen pouvwa pou komande lanmè'a, van ak lapli. Se ou menm sèl ki kapab bay lapè ak pwoteksyon. Papa, nou di'w mèsi davans, paske se ou menm ki refij nou. Nou lapriyè ou konsa nan non Jezi-Kri pitit ou, li menm ki vivan e ki ap komande ansanm avèk ou, ansanm ak Lespri Sen'an, yon sèl Bondye, kounye'a e pou toutan. Amen. Mari, rèn Apot yo, ou menm ki patron Dyosèz nou'an, lapriyè pou nou.**